

ngo ndavyemeze ko Ministre NIYOYANKANA ko ndamuzi ngo adusanga mu gasho kuturaba ngo nongere nemeze ko ngo na NSHIMIRIMANA Adolphe arongoye Documentation ko ngo yadusanze mw'ibohero ngo akadukubita imigere. Hama sinavyemeyeko nobeshera ibihangange nk'ivyo ndababwira nti na barya nabesheye nzoshira ukuri ahabona nti kubesha ntaco bimaze ntoguma nongera ibindi. Bamaze kubonako ivyo bindi bambwiye ntavyemeye, bakabona kandi ko bigiyemwo ayandi makenga baciye bagira imigambi yo kumpfungisha ngo simpave mvuga vyinshi ngo bije ahabona ; n'igihe baje kukntwara mw'ibohero rikuru rya Mpimba banjana i Muyinga MBONIMPA wenyene ubwiye yambwiye ngo simpindure ngo nze kubivuga vyose uko vyagenze ngo kandi ndabivuze uko yambwiye ngo azoca andekuza.

Icanteye amakenga ubwa kabiri nuko Umukuru wa Sentare ya Gisirikare ariwe Auditeur Général yantumyeko mu biro vyiwe akambwirako hariho icuka kibi mu basirikare kubijanye na Dossier y'i Muyinga akambwirako yotumako amaradio na Camera ngo ndabishimangire neza ko icaha cakozwe. Arico gitumye ntegerezwa kubandikira kugira ngo ndabamenyeshe uko vyagenze. Jewe singiye kubandanya mbesha abo nagirije ndababeshera.

Nkasabako mwondenganura kuko birababaje kubona mpfungwa nagirizwa dossier ya Viol kandi atayo nigeze nkora nabona nabonye sinigeze ncaruka n'umusi n'umwe ngo mve mu rupangu rwabo kuko bambwira ngo mvuye mwurwo rupangu ngo bohava banyica rero kikaba arico gituma baciye bampangira kunyagiriza dossier ya Viol kubera ko hari ivyo tutumvikanyeko.


Nyakubahwa, ndangije ndabasabako mwondenganura kuko ndenganywa.

Murakoze.

Bimenyeshejwe :

- Nyakubahwa Umushikiranganji w'Ubutungane
- Nyakubahwa Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa
- Nyakubahwa Umuyobozi Mukuru w'Iperereza
- Nyakubahwa Umukuru wa Sentare Nkuru ya Gisirikare
- Ba nyakubahwa Abashingwamanza
- Nyakubahwa Cdt Manirambona Eliezer
- Nyakubahwa Umukuru wa APRDH
- Nyakubahwa Arongoye Human Rights Watch

Ni jewe Sgt Bucindika Sélémani
Prison Centrale de Mpimba.

A handwritten signature in black ink, appearing to read "Bucindika Sélémani". The signature is fluid and cursive, with a large, stylized initial 'B' on the left and 'Sélémani' written below it.